# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–31 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

संसद क बजट सत्र आजु से शुरू हो गइल। एह मौका पर राष्ट्रपति द्रोपदी मुर्मू संसद भवन में लोकसभा अउर राज्यसभा के संयुक्त बइठकी के संबोधित कइलिनिं। ओहां के भरोसा जतवलीं कि बरिस दुइ हजार सैंतालीस ले देस क भावी पीढ़ि जरूरे एगो विकसित सुदृढ़, सक्षम आ समृद्ध भारत बनि के उभरी। श्रीमती मुर्मू बतवलीं कि प्रधानमंत्री आवास योजना क देस भर में विसतार करति तीनि करोड़ अउरियों परिवारन के नया घर देहले क फइसिला लिहल गइल हौ। एह मौका पर वित्त मंत्री निर्मला सीतारामण बरिस दुइ हजार चौबीस पचीस का आर्थिक सर्वेक्षण संदन में पेस कइलिनि एकरे बादे संदन क कारवाई दिनभर खातिर स्थगित कइ दिहल गइल। बजट सत्र से पहिले। मीडिया से बतियावत प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ओम्मेद जतवलें की संसद क बजट सत्र दुइ हजार सैंतालीस ले। विकसित भारत के लक्ष्य के हासिल कइले में नया आत्म विस्वास आ उरजा भरी। ओहां के संसद के सगरो सदस्य लोगिन से देस के विकसित राष्ट बनवले में योगदान देहले के अपीलि कइलीं।

**बजट सत्र में सभी सांसद विकसित भारत को मजबूती देने के लिए अपना योगदान देंगे, विशेषकर के जो युवा सांसद हैं, उनके लिए तो सुनहरा अवसर है। मैं आशा करता हूं कि हम देश की आशा, आकांक्षाओं के इस बजट सत्र में खरे उतरेंगे।**

वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन बिहने केंद्रीय बजट पेश करिहें।

**********

प्रयागराज के महाकुंभ मेला इलाका में सरधालुअन के अइले क करम जारी बा। प्रदेस सरकार के हिसाबि से ओहवां तेरह जनौरी से लेके अबले करीब तीस करोड़ से बेसी सरधालु आ चुकल हवें। आवे वाल तीनि फरौरी के बंसत पंचमी के नहान के देखत मेला परसासन तइयरियन में जुटल हौ। मेला डीआईजी वैभव कृष्ण बतउलन कि बसंत पंचमी के दिनो मेला इलाका में वीआईपी मूवमेंट क अनुमति नाही रही।

प्रयागराज क जिला मजिस्ट्रेट रवीन्द्र कुमार मंदार सोसल मीडिया पर चलि रहल ओह जनकरियन क खंडन कइले हवे। जेह में कहल जा रहल हवे कि राही बदलले के नाते गड़ियन के घुसले पर रोकि लगा दिहल गइल हौ। ओहां के डाइवर्जन के इंतिजाम के बारे में वीडियो सनेसा के जरिए पुरहर जनकारी देहलीं।

**प्रयागराज कमिश्नरेट क्षेत्र में वाहनों का जो प्रवेश है वो डायवर्जन की स्कीम्स मात्र पीक डे मौनी अमावस्या को देखते हुए लगाई गई थी। 31 तारीख को एक तारीख को और चार तारीख को किसी प्रकार का वाहनों में कोई प्रतिबंध नहीं रहेगा। मात्र दो और तीन तारीख को जो कि बसंत पंचमी का स्नान होगा तो डायवर्जन की स्कीम लागू होंगी।**

**********

महाकुंभ मेला इलाका में ओन्तीस जनौरी के भइल दुखद घटना के जांचि खातिर न्यायिक आयोग क टीमि आजु प्रयागराज पहुंच गइल। टीमि घटना के कारन आ परिस्थितियन क जांचि कई रहल हौ। एह घटना में तीस लोगिन के मउति हो गइल रहल आ साठ लोग घाही हो गइल रहलें । आयोग एक महिन्ना के भीत्तर आपन रिपोर्ट सौंपी। ऊ भविस्य में अइसन घटना के रोकले क उपायों बताई।

**********

प्रयागराज महाकुंभ में आस्था कै डुबकी लगवले के बाद सरधालु ढेरे संख्या में बाबा विश्वनाथ के दरसन खातिर कासी पहुंचि रहल हवे। काल्हि करीब आठ लाख सरधालु बाबा के दरसन कइलें। मंदिर के सगरो चारो दुआर पर सरधालुअन क लम्हर कतार लागल बा। भीड़ के देखत मंदिर परसासन काल्हि से निरधारित समय से दुइ घंटा बेसी राति एक बजे ले मंदिर क दुआर खोलले क फइसिला लिहले हौ। ओंही सहर में लगतारे बढ़ी रहल सरधालुअन के भीड़ के देखत गंगा सेवा निधि के अध्यक्ष सुशांत मिसिर सरधालुअन से पांच फरौरी ले दशाश्वमेध घाट के गंगा आरती में न अवले क अपीलि कइले हवें।

**इस समय गंगा आरती में और काशी में जो भीड़ है वह काफी ज्यादा है। गंगा आरती में भी जो भीड़ हो रही है उसकी संख्या बहुत ज्यादा है। और इसीलिए हम लोग गंगा सेवा निधि परिवार की ओर से आप सभी देशवासियों से यह अपील करते हैं कि जब तक भीड़ काफी ज्यादा है तब तक आप लोग गंगा आरती का दर्शन करने न आएं। और आप लोगों से निवेदन है कि आप लोग जो ऑनलाइन हैं वहीं से आप लोग देख कर के दर्शन कर लें।**

कासी में लगतारे बढ़ी रहलि सरधालुअन के भीड के देखत जिला परसासन अउर पुलिस परसान सुरक्षा क पुरहर इंतिजाम कइले हौ। कई जगहिन पर रास्त बदलल गइल बा।

**********

नेपाल राज परिवार क परमुख आ पूर्व नरेश ज्ञानेन्द्रवीर विक्रम शाह देव आजु गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में दरसन पूजन कइलें। श्री देव काल्हि सड़की से गोरखपुर पहुंचली।

**********